



Pou Piblikasyon Imedya: 20/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEPATMAN TRAVAY ETA NEW YORK ANONSE YO PEYE PLIS PASE 10 MILYA DOLA NAN KAD ALOKASYON CHOMAJ BAY PLIS PASE 2 MILYON NOUYÒKÈ PANDAN PANDEMI COVID19 LA: ARYERE APLIKASYON AVAN 22/04 LA REDUI A 7,580**

***Aryere yo enkli aplikasyon ki manke enfòmasyon enpòtan epi ke yo pa kapab trete, diplike, ak reklamasyon abandone yo***

***Yo deja trete lòt reklamasyon 20,801 Nouyòkè yo ki te soti avan 22 avril, men ke yo pa kapab peye jiskaske yo soumèt sètifika chak semèn ke otorite federal yo mande yo.***

Jodi a Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York te anonse ke aryere aplikasyon alokasyon chomaj ki an atant yo redwi a 7,580 — sa ki reprezante gwo pwogrè depi yon krach (ekrazman) san parèy nan aplikasyon ki gen rapò ak pandemi COVID-19 ki te inonde sistèm DOL la nan mwa mas la. Linivè aplikasyon sa yo ki pa trete yo enkli sa ki manke enfòmasyon enpòtan yo epi ke yo pa kapab trete, diplike ak reklamasyon abandone yo. Anplis de sa, depi lè yo adopte Lwa CARES federal la (Federal CARES Act), gen 562,766 aplikan PUA ki resevwa alokasyon (benefis) chomaj.

O total, yo deja trete plis pase 2 milyon aplikasyon alokasyon chomaj, epi Nouyòkè sa yo resevwa plis pase 10 milya dola nan alokasyon yo.

"Pa gen moun ki te ka prevwa vag aplikasyon pou chomaj ki fè krach nan Etazini akòz pandemi COVID-19 la, epi chak eta an difikilte — men New York deja avanse pi vit pase nenpòt lòt eta pou adrese aryere nou an epi mete lajan nan men Nouyòkè yo. Jiska dat, nou deja peye plis pase 10 milya dola pandan kriz sa a, konpare ak sèlman 2.1 milya dola o total pou ane pase a", **Komisè Depatman Travay NYS la, Roberta Reardon, te deklare**, "Reklamasyon sa yo ki an sispens pandan plizyè semèn se yo ke nou tou senpleman pa ka trete — nou deja eseye kontakte tout Nouyòkè sa yo, epi nou pral kontinye eseye jwenn kontak ak tout moun ki aplike pou nou ka konekte yo ak alokasyon yo kalifye pou li a."

**Chif pou aplikasyon yo soumèt anvan 22/04 yo repati konsa a:**

- 1,194,933: Peye
- 20,801: Pa Peye - Bezwen Sètifika

- 7,580: Pa Peye - Reklamasyon Pasyèl yo manke Enfòmasyon Nesesè pou Trete yo

Pandan fen semèn nan, Depatman Travay la te analize rezilta aplikasyon yo ki te depoze nan oswa anvan 22 avril nan kad yon efò pou kantifye tay aryere alokasyon chomaj la. Analiz sa a te jwenn ke yo pa ko trete 7,580 aplikasyon ke yo te depoze anvan dat sa a. DOL la pa kapab trete aplikasyon sa yo paske yo gen swa enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki manke, ki diplike, oswa moun ki fè reklamasyon an te abandone li. Depatman Travay la deja eseye kontakte tout Nouyòkè sa yo epi l'ap kontinye eseye jwenn yo pou konplete aplikasyon yo oswa fèmen reklamasyon yo.

Egzanp enfòmasyon ki manke oswa ki pa kòrèk ki anpeche yon aplikasyon trete genyen ladan yo yon Nimewo Idantifikasyon Anplwayè Federal (Federal Employer Identification Number, FEIN) ak adrès ansyen anplwayè yon moun oswa Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number) yon aplikan. Mwa pase a, Depatman Travay la [te bay yon direktiv](#) ki raple biznis ki baze nan New York yo gen obligasyon legal pou bay Nouyòkè ki nan chomaj yo enfòmasyon yo bezwen pou aplike pou benefis yo, sa enkli FEIN ak adrès konpayi an.

Gen yon lòt 15.831 aplikasyon ki ankou pou tretman final la — ki gen ladan yon kontwòl pou fwod ak vòl idantite. Reklamasyon sa yo pral swa vin peyab nan jou kap vini yo oswa yo pral siyale yo pou egzaminasyon adisyonèl pa espesyalis anti-fwod yo.

Anplis de sa, aplikasyon pou 20,801 Nouyòkè ki te aplike anvan 22 avril deja trete men yo pa ko peye paske moun sa yo pa ko soumèt sètifika chak semèn otorite federal yo mande yo. Daprè lalwa, yo dwe soumèt sètifika sa yo anvan yo libere alokasyon yo. Depatman Travay la [voye imèl dinamik](#) bay dè santèn de milye Nouyòkè kote li te raple yo pou yo soumèt sètifikasyon yo e te lanse yon nouvo [sistèm sekirite sou entènèt](#) ki pèmèt Nouyòkè yo soumèt sètifika semèn anvan yo ke yo te rate. Plis pase 330,000 Nouyòkè [te itilize nouvo sistèm sa a](#) pou debloke plis pase 400 milyon dola nan alokasyon semèn anvan yo ke yo te kite avèk efikasite sou tab la.

Finalman, Depatman Travay la [te lanse](#) tou yon nouvo sistèm ki kominike yon fason dinamik epi dirèkteman estati aplikasyon asirans chomaj yon moun atravè tèks ak imèl. Depi lè yo te lanse sistèm sa a, dè santèn de milye Nouyòkè te resevwa mesaj ki fè yo konnen ke yo resevwa aplikasyon yo, yo ap trete yo, epi yo vin tounen yon reklamasyon ki peyab.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)